

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XX
19 SEPTEMBER 2021
Gedung Induk lan Pepanthan Nologaten GKJ Ambarrukma
(Warni liturgis ijem, simbol/logo prau + pelangi)

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. Liturgos :

“Pasamuwan ingkang kinasih ing Gusti Yesus, Pradata GKJ Ambarrukma ngaturaken salam karaharjan ing pangibadah wekdal punika, ugi mujudaken pangibadah ing gedhong greja induk lan pepanthan saged dipun rawuhi dening pasamuwan malih, ananging tetep migatosaken andharan pemerintah babagan protokol kesehatan. Ewa semanten pangibadah ing gedhong greja induk tetep dipun wontenaken giyaran langsung lumantar sarananing internet inggih ing kanal youtube GKJ Ambarrukma.

Kepareng kula ngaturaken pawartos Minggu Sangalas September Kalih Ewu Selikur, ingkang badhe kula waosaken saperangan. (**maosaken pawartos**). Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos on-line ingkang saged dipun unduh mawi QR code ingkang dipun pirsani ing layar monitor utawi android, utawi lumantar selebaran ingkang dipun kacawisaken wonten ing group whatsapp.

Bapak, Ibu, lan Sadherek sadaya ingkang dipun tresnani Gusti Yesus Kristus, sumangga pangibadah punika kita wiwit kanthi repening kidung pambuka saking **Kidung Pasamuwan Jawi 158** (satus seket wolu) pada setunggal lan kalih (1 & 2). “**Ditansah Padha Bungaha**”*Pasamuwan kula aturi jumeneng.....*

- (1) Ditansah padha bungaha nampeni kabegjan swarga,
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.

Refr:

Tansah bungah ing patunggilane Gusti,
tansah bungah, wit sinung gesang sejati.

- (2) Tansah ulah kabecikan, dhemen aweh pitulungan,
yeku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.....Refr:

Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam kalajengaken ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah.

3. Votum tuwin Salam Karaharjan

(Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwalh ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sedaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i / 5 7 i. / 5 4 3 . /**
Amin.....Amin.....Amin

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Jabur 49 : 4 - 11

- Lektor : “**Mekaten sabdanipun Gusti**”
- Pasamuwan : “**Puji sokur konjuk Gusti**”

5. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, manungsa pinaringan gesang punika awit saking pakaryanipun Gusti, mboten wonten tiyang ingkang sagah ngluwari badanipun piyambak utawi ngaturi tebusan dhumateng Gusti minangka liruning nyawanipun. Pramila sumangga kita tansah ngluhuraken asmanipun Gusti, kita repenaken kidung pamuji, saking **Kidung Pasamuwan Jawi 33 : 1, 2** (tigang dasa tiga, pada setunggal lan kalih) **Swawi Ta Kanca Kula**”

- | | |
|---|--|
| (1) Swawi ta kanca kula
sami memuji Allah ing dinten puniki;
kula dipun paringi
bingah linuwih, bingah linuwih | (2) Asurak-surak, kanca,
sami asuka-suka; manganggé kang saé,
sampun kirang sekaré
kang éndah-éndah. x2 |
|---|--|

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Wilangan 14 : 18-20

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Bapak, Ibu, saha para Sadherek ingkang nresnani Gusti, menapa ta kita punika satemah Gusti Allah ingkang Agung tanpa winates karsa ngluberaken sih-kamirahanipun, injih punika paring pangapunten tumrap sadaya kalepatan, sinaosa kita sadaya tansah wangsul malih dados panerak angger-anggeripun.

Swawi kita cawisaken sowan wonten ngarsanipun Gusti, kita nglenggana menapa ingkang sampun dados karingkihan lan dosa kita lumantar pandonga pamratobat, ingkang badhe kita purwakan kanthi ngrepekaken kidung panelangsa saking **Kidung Pasamuwan Jawi 61 : 1, 2** (suwidak setunggal, pada setunggal lan kalih) **Saestu Keduwung Kula**”

- | | |
|--|---|
| (1) Saestu keduwung kula, dene kirang setya.
Kadhwuhan kinen tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti Aduh Gusti, nyuwun suci. | (2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci. |
|--|---|

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sumangga kita sami nelangsani sadaya kalepatan kita wonten ing Gusti, kita lumebet ing pandonga pamratobat:

“Gusti Allah ingkang welas saha asih, kepareng kawula marek sowan wonten Ngarsa Paduka dhuh Gusti, sanadyan kebak dosa kawula lan mboten pantes awit panerak kawula dhumateng angger-angger Paduka. Dhuh Gusti, minangka umat Paduka, kawula taksih nglirwakaken punapa ingkang dados dhawuh Paduka bilih kawula kedah nresnani Paduka lan ugi nresnani sedherek-sedherek kawula. Pramila mugi Paduka karsa paring pangapunten awit sadaya dosa lan lepat kawula.

Atur pamratobat kawula punika, kawula aturaken lumantar Gusti kawula Yesus Kristus. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : 1 Korinta 2 : 6 - 7

10. Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Yakobus 4 : 7 - 8

11. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, lumantar sabda ingkang sampun kita tampeni saestu ngekahaken kapitadosan kita, malah ugi ndadosaken kita samsaya rumaket dhumateng Gusti, satemah Gusti ugi tansah karsa nunggil ing gesang kita. Sumangga kita sanggemi kanthi suka bingah lumantar repening **Kidung Pasamuwan Jawi 87 : 1, 2** (wolungdasa pitu, pada setunggal lan kalih) **Neng Kasa Kumandhang Asma**”..... (*Pasamuwan kula aturi jumeneng*)

- (1) Neng kasa ngumandang asma sajuga, kang anepangaken jagad lan swarga.
Datan wonten asma kados punika, kang kwasa nyirnakken pangrehing dosa.
Napa sami dereng wanuh, Gusti Yesus Kristus yeku asmane?
- (2) Wus pantes asmané lan pakaryané. Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
nebus tiyang dosa, sinalib séda, gya wungu nyawisken papan ing swarga.
Napa sami dèrèng wanuh, Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

12. Wedharing Sabdanipun Gusti

(Pasamuwan Lenggah)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken YAKOBUS 3 : 13 – 18, 4 : 1 - 3

**c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan
nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |

Hale -luya Hale - luya Hale - lu - ya

d) Irah-irahan: “Gusti Etuking Kawicaksanan”

- e) Ancas : Jemaat dapat belajar untuk hidup didalam hikmat Tuhan melalui tumbuhnya iman kepada kesempurnaan Tuhan dan melalui tindakan yang dapat dirasakan oleh semua orang.

13. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan kinasih, sabda pangandikanipun Gusti nelakaken bilih kawicaksananipun nuwuhaken iman ingkang tumuju dhumateng kasampurnan, satemah saged dipun raosaken tumrap sadhengah tiyang.

Minangka panuwun sokur awit piwulangipun Gusti, sumangga kita aturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken. Pisungsung wekdal punika wonten tigang kanthong, kanthong 1 lan 2 kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kagem panyengkuyung dana rumah emeritus. Pisungsung wulanan lan mirungan saged dipun lebetaken amplop sinerat keterangan lajeng dipun lebetaken dhateng kotak utawi salah satunggaling kantong.

Tata cara ngaturaken pisungsung kaatur mekaten: pasamuwan dipun aturi nglebetaken arta pisungsung wonten kanthong ingkang kacawisaken wonten ing ngajeng pintu greja.

Pisungsung kita lambari lumantar **Jabur 4 : 6** ingkang suraosipun mekaten: “**Padha nyaosna kurban kang bener, sarta kumandela marang Sang Yehuwah.**“

Kempaling pisungsung kairing **Kidung Pasamuwan Jawi 173 : 1 lan 2** (satus pitungdasa tiga, pada setunggal lan kalih) **Mara Dha Aturna Pisungsungmu”**

Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji;
muga dadi keparenge Gusti; minangka pangabektimu (2x)

Mangky singkirna was sumelangmu, ginanti gumbiraning atimu;
rinengga niyat kang warni-warni, pindha pusrita megar nglam-lami

Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji;
muga dadi keparenge Gusti; minangka pangabektimu (2x)

14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sadherek kekasihipun Gusti, seserengan kaliyan sadaya umat ingkang pitados ing salumahing bumi, sumangga sesarengan kita pocapaken **Pangaken Pitados Rasuli...pasamuwan kula aturi jumeneng....**

- a) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- b) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ting, Gusti kawula.
- c) Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.

- d) Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- e) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- f) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- g) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- h) Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- i) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- j) Punapa-dene pangapuntening dosa.
- k) Tanginipun raga.
- l) Sarta gesang langgeng.

16. Pandhita : Paladosan Berkah

17. Liturgos : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Pandhita lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi katentreman lan karahayon, awit kasarasan tansah wonten ing kita sadaya. Kagem munggel rante penularan Covid-19 sumangga kita patrapaken 5 M wonten ing gesang padintenan.

Pangibadah katutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 431 : 1 lan 2** (sekawanatus tigangdasa setunggal, pada setunggal lan kalih) **Gusti Adhawuh”**

- | | |
|---|--|
| (1) Gusti adhawuh yèn kita sami
kinèn kadya lilin kang amadhangi,
supaya saben wong padhang ing ati,
wah angluhuraké Hyang Masuci. | (2) Saka suwarga Gusti mirsani
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.
Gusti ya mirsa, apa kita iki
urip kadya lilin kang madhangi. |
|---|--|